



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 338 MILYON DOLA POU EDE PEYE POU CHOFAJ NAN KAY POU KAPAB EDE REZIDAN NEW YORK YO PANDAN MWA KI FÈ FRÈT YO

Aplikasyon pou Pwogram Asistans Enèji Kay la ouvri jodi a

Plis pase 1.6 milyon pwopriyetè kay ak lokatè New York te resevwa èd pou chofaj an 2019-20

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke gen plis pase 328 milyon dola nan èd pou chofaj kay ki disponib kounye a pou Nouyòkè ki gen revni fèb ak revni mwayen yo ki bezwen asistans pou kenbe kay yo cho pandan sezon ivè k'ap vini an. Kounye a yo aksepte aplikasyon pou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) la, ki founi finansman federal pou ede pwopriyetè ak lokatè kay yo nan depans pou chofaj yo pandan mwa ki fè frèt yo.

"Moman ki fè frèt pote yon lòt defi ankò pou anpil Nouyòkè ki deja ap lite pou debouye yo pandan pandemi san parèy sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Finansman enpòtan sa a pral ede dè santèn milye nan yo jere depans pou chofe kay ak apatman pa yo pliske otòn lan pote tanperati ki pi fre sezon ivè a ap apwoche".

Pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo ka resevwa asistans pou jiska 741 dola nan HEAP, ki sipèvize pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA, tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay la. Yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,019 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 60,226 dola epi yo toujou kalifye pou jwenn avantaj yo, ki se yon ogmantasyon modès pa rappò ak ane anvan an.

Yo aksepte plikasyon pou asistans yo nan depatman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Ou ka jwenn yon lis biwo lokal yo dapre konte yo [isit la](#). Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon ki pwolonje yon [moratwa](#) ki anpeche konpayi sèvis piblik yo dekonekte sèvis piblik yo nan kay

rezidansyèl ki gen difikilte pou peye bòdwo yo akòz pandemi COVID-19 la. Depreferans, konpayi sèvis piblik yo dwe ofri moun sa yo yon akò peman difere sou nenpòt ki balans ki pase.

Nouyòkè ki resevwa asistans HEAP sezon sa a e ki kontinye bay reta sou bòdwo sèvis piblik yo oswa ki pa gen anpil gaz pou chofaj ka kalifye tou pou yon avantaj HEAP ijans pou yon sèl fwa. Yo pral aksepte aplikasyon pou avantaj ijan yo apati lendi 4 Janvyè.

Nenpòt moun ki bezwen asistans ijan ta dwe kontakte depatman sèvis sosyal zòn yo a. Pou yo kalifye pou pwogram finansman federal sa yo, aplikan yo dwe satisfè kritè kalifikasyon HEAP la [ak direktiv sou revni yo, ki varye selon kantite moun ki nan kay la](#).

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, Mike Hein, te deklare, "Pou twòp Nouyòkè, pri elve pou chofaj kay la kapab yon lòt chay sou bidjè fanmi an ki deja sou tansyon yo. Pwogram Asistans Enèji Lakay la ede soulaje kèk nan fado sa a pou pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo ka rete ajou sou bòdwo chofaj yo. Tout kay ki kalifye ta dwe itilize asistans enpòtan sa a ki ka ede yo rete cho an n sezon ivè sa a".

Ane pase a, plis pase 1.6 milyon pwopriyetè kay ak lokatè nan tout eta a te resevwa èd pou chofaj atravè HEAP. Pami yo, te gen plis pase 530,000 kay ki gen yon manm fanmi ki gen 60 ane oswa plis, sa ki te totalize apeprè 98 milyon dola nan asistans chofaj pou Nouyòkè aje yo.

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo pou Granmoun Aje (Office for the Aging) Eta New York la, te deklare, "Kondisyon tan frèt la ka difisil pou tout moun men li ka danjere espesyalman pou granmoun aje yo ki gen risk pou pa gen kabiran oswa gen sèvis piblik yo ki sispann. Granmoun aje yo rete plis riske tou pou COVID-19 la. HEAP enpòtan nan ede Nouyòkè aje ki gen revni ba yo kenbe sante yo, epi san avantaj enpòtan sa a, anpil moun pa t'ap kapab rete lakay yo an sekirite pandan pandemi an".

Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York, te deklare, AARP New York ankouraje vivman tout kliyan sèvis piblik yo ki panse yo ka kalifye pou asistans pou yo peye bòdwo sèvis piblik yo pou yo kontakte pwogram HEAP lokal pa yo. Moun yo pa ta dwe rete tann pou yo enskri; aplike lè pwogram nan ouvri nan kòmansman novanm nan. Objektif jeneral pwogram nan se ede ou peye depans enèji pou kay ou ivè sa a. Pran avantaj li ofri a".

Kounye a gen èd ki disponib tou pou mèt kay ki kalifye yo si ekipman chofaj prensipal yo danjre oswa li pa fonksyone. Mèt kay yo kapab aplike pou fè yo repara oswa ranplase founo oswa chodyè yo a atravè pwogram Reparasyon ak Ranplasman Ekipman Chofaj HEAP a.

Kantite lajan pou avantaj la baze sou depans reyèl ki te fèt pou repara oswa ranplase ekipman chofaj esansyèl la - jiska 3,000 dola pou yon reparasyon epi jiska 6,500 dola

pou yon ranplasman. Mèt kay ki kalifye yo ka aplike kounye a tou pou yon avantaj HEAP pou Netwayaj ak Reglaj Ekipman Chofaj pou sous chofaj prensipal lakay yo ka bay randman maksimòm. Aplikan pou avantaj sa yo dwe kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo a pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Ane pase a, HEAP te bay Nouyòkè toupatou nan eta a anpil èd enpòtan:

Rejyon: Total kay ke HEAP te sèvi an 2019-20

Rejyon Lwès New York: 128,340

Finger Lakes: 91,736

Southern Tier: 51,008

New York Santral: 58,625

Mohawk Valley: 44,961

North Country: 35,369

Rejyon Kapital: 65,879

Mid-Hudson: 97,350

Vil New York: 965,335

Long Island: 69,634

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)